



FONDAMA Fondasyon Men Ansanm Ayiti

10, Rue Laverdure, Impasse Roger Colas, Route de Frères, Pétion-Ville, Haïti
Tél: 509 4188 5001 • Email: fondamahaiti@gmail.com

Pòtoprens, 03 Me 2018

Pou :

Mesye/Madam,

Fondasyon Men Ansanm Ayiti "FONDAMA" retire chapo li byen ba devan w pou angajman-w, detèminasyon w ak konviksyon ou nan batay kòtakòtak pèp ayisyen pou kabat grangou, povrete ak enjistis. Li tou sezi okazyon sa a pou li envite w nan yon jounen konferans deba lap fè nan dat 06Jen 2018 nan Fanny Villa, ki nan #31, Babyòl, Pòtoprens. Soti 10 zè nan maten pou rive 3 zè nan aprè midi sou tèm:

215 lane apre endepandans li, Ayiti pi depandan chak jou nan zafè manje .Kòz ak defi ki anpeche peyi a rejwenn dwa grandèt majè li te genyen nan tan pase yo !!!!!?

Pèsòn pa ka inyore wòl agrikilti jwe nan ekonomi ak devlopman yon peyi, sitou lè nou konnen youn nan prensipal kritè pou yon peyi pran vrè chemen devlopman an se lè li gen kapasite bay pitit li manje vant deboutonnen. Jounen jodi aprèske tout sa peyi Dayiti itilize soti nan peyi letranje, manje moun manje menm se pa pale. sitistasyon yo ap vin pi difisil chak jou pou moun ki deside eksplwate richès tè a pou yo nourri tèt yo ak pran swen fanmiy yo.

Fas ak sitistasyon sa a nou paka anpeche n mande tèt nou kòman nou fè rive la epi jis kikote sa prale si bagay yo kontinye konsa. Se nan sans sa a Fondama twouve li nesèsè pou chita ak tout kouch kap goumen pou Ayiti rejwenn dwa grandèt majè li nan zafè lamanjay la pou gade ansanm tout malè ki pandye sou tèt peyi sa a si nou kontinye rete bra kwaze epi wè ki jan nou ka mete nou ansanm pou nou poze aksyon ki ka rale peyi sa a nan twou li anfonse sa fè twò lontan deja.

Fondama ak tout òganizasyon manb li yo konte sou prezans ou. Li voye yon gwo kout chapo patriyotik pou w pandan li deja swete ou byenvini

Pou Fondama :

Ernst Abraham
Prezidan

Fabienne Jean
Kòdonatris